



Coconut Palm Elementary

Juan Alejo, Principal

13601 Monarch Lakes Blvd

Miramar, FL 33027

phone: 754-323-5050 • fax: 754-323-5090

juan.alejo@browardschools.com

www.browardschools.com/coconutpalm

**The School Board of
Broward County, Florida**

Lori Alhadef, Chair
Debra Hixon, Vice Chair

Torey Alston
Brenda Fam, Esq.
Daniel P. Fogaholi
Dr. Jeff Holness
Sarah Leonardi
Nora Rupert
Dr. Allen Zerman

Dr. Howard Hepburn
Superintendent of Schools

Notis Anyèl pou Paran/Gadyen (Dwa-pou-Konnen)

Dwa pou fè yon demann enfòmasyon sou kalifikasyon Pwofesè/Parapwofesyonèl

9/11/2024

Pou Paran/Gadyen:

Nan kad Lwa 2015 chak Elèv Reyisi (ESSA) [*Every Student Succeeds Act (ESSA)*], distri lekòl nou resevwa finansman li nan men gouvènman federal pou pwogram Title I. Kòm youn nan kondisyon ekzijib pou nou resevwa fon-sa-yo, nou dwe notifye paran/gadyen sou dwa-yo pou fè yon demann enfòmasyon epi resevwa enfòmasyon an konsènan kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit-yo ak asistan ann edikasyon (parapwofesyonèl).

Lalwa ba-ou dwa mande konnen ransèyman sa-yo:

- Si pwofesè pitit-ou satisfè kritè lisans ak kalifikasyon Depatman Edikasyon Leta Florid (FLDOE) ekzije pou klas ak matyè (oswa plizyè matyè) lap anseye;
- Si yo wete kondisyon FLDOE kifè lekòl-la va otorize pwofesè a anseye lè yon sitiyasyon ijans (emèjennsi) oswa dapre lòt klöz ki mansyone nan kontra;
- Si pwofesè a diplome kolèj ak yon *major*, nan ki disiplin akademik oswa espesyalizasyon li obtensi diplòm/sètifikasiyon, sik etid siperyè;
- Si parapwofesyonèl, nan kad responsablite-yo, founi pitit-ou sèvis epi, nan ka sa, ki kalifikasyon parapwofesyonèl-yo;
- Nivo akonplisman ak nòt pitit-ou obtensi nan tès evalyasyon akademik Leta ekzije.

Si ou ta renmen resevwa nenpòt enfòmasyon ki dekri anwo a, tanpri rele nimewo lekòl-la 754-323-5050 epi mande pale ak Jacqueline Edman pou Coconut Palm Elementary.

Mèsi paske ou montre ou enterese epi pou patisipasyon ou nan edikasyon pitit-ou.

Avèk respè,

Pwensipal